aji-gëm nekkul kiy jamaate, walla kiy rëbbaate, mbaa kiy def ñaawteef, walla aji-bon lammiñ ji

Jële na ñu ci Abdallah Ibn Mashuud yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «aji-gëm nekkul kiy jamaate, walla kiy rëbbaate, mbaa kiy def ñaawteef, walla aji-bon lammiñ ji».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne bokkul ci mbiri aji-gëm ji gëmam mat muy ayibal nit ñi ci seeni askan, walla di baril ay saaga ak i rëbbaate mbaa ñaaw i jëf, walla ci wax ju amul kersa.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65869